

**Konsantman pou Health Home**  
**Fòm pou Retire Enskripsyon nan Health Home epi pou**  
**Divilge Enfòmasyon Pou Itilize avèk Timoun ki poko Gen 18 Tan**

**Enstwiksyon:** Ou dwe itilize fòm sa a pou timoun ki poko gen 18 tan epi ki te enskri nan yon Health Home epi ki te ranpli fòm *Konsantman pou Health Home/Enskripsyon/Pou Itilize avèk Timoun ki Poko Gen 18 Tan* (DOH 5200) ak fòm *Konsantman pou Health Home/Divilgasyon Enfòmasyon/Pou Itilize avèk Timoun ki Poko Gen 18 Tan* (DOH 5201)\*. Fòm sa a la pou anile enskripsyon nan Health Home epi pou retire konsantman pou divilge enfòmasyon sou sante pou timoun ki te enskri nan yon Health Home. Se paran, responsab legal oswa reprezantan ki gen otorizasyon legal ki dwe bay retrè konsantman pou timoun ki poko gen 18 tan. Reprezantan ki gen otorizasyon legal pou retire konsantman defini kòm "yon moun ki otorize dapre lwa leta, lwa tribi, lwa konsènan fòs lame oswa lòt lwa ki anvigè, tribinal oswa konsantman pou ajì sou non yon moun nan pran desizyon sou swen sante".

**\*[Tanpri sonje, timoun ki se paran, ki ansent, epi/oswa ki marye, epitou ki kapab bay konsantman yo, pa ta dwe itilize fòm sa a pou anile enskripsyon epi pou retire konsantman yo pou divilge enfòmasyon sou sante. Olye sa, yo dwe itilize fòm *Divilgasyon Enfòmasyon sou Pasyan ba Health Home - Retrè Konsantman (DOH 5058)*].**

\_\_\_\_\_

EKRI NON HEALTH HOME AN LÈT DETACHE

\_\_\_\_\_

EKRI NON TIMOUN NAN AN LÈT DETACHE

\_\_\_\_\_

DAT TIMOUN NAN FÈT

Depi mwen siyen fòm sa a mwen deklare mwen pa vle timoun ki gen non li endike anwo a nan \_\_\_\_\_ Health Home.  
NON HEALTH HOME

Depi mwen siyen fòm sa a mwen rekonèt apati sat mwen siyen fòm sa a:

- Mwen anile pèmisyon mwen pou Health Home divilge enfòmasyon sante timoun sa a ba pwofesyonèl swen sante yo, ak lòt moun ki nan pwogram Health Home, tankou nenpòt moun ki endike nan fòm *Konsantman pou Health Home/Divilgasyon Enfòmasyon/Pou Itilize avèk Timoun ki Poko Gen 18 Tan* (DOH 5201)
- pwofesyonèl swen sante ki deja gen enfòmasyon sou sante sou timoun sa a pa gen obligasyon pou remèt yo ba timoun sa a oswa ban mwen, oswa yo pa gen obligasyon pou retire enfòmasyon yo nan dosye yo;
- enfòmasyon sa yo ap pwoteje anba lwa ak règ Eta New York epi anba lwa ak règ federal; epi
- timoun sa a toujou kapab resevwa sèvis swen sante oswa lòt sèvis jesyon dosye.

\_\_\_\_\_

EKRI NON PARAN, RESPONSAB LEGAL OSWA REPREZANTAN KI GEN OTORIZASYON LEGAL  
TIMOUN NAN AN LÈT DETACHE

\_\_\_\_\_

RELASYON PARAN, RESPONSAB LEGAL, OSWA REPREZANTAN KI GEN OTORIZASYON LEGAL  
AVÈK TIMOUN NAN

\_\_\_\_\_

SIYATI PARAN, RESPONSAB LEGAL OSWA REPREZANTAN KI GEN OTORIZASYON LEGAL TIMOUN NAN

\_\_\_\_\_

DAT LA

## Detay sou Enfòmasyon Sante ak Pwosesis pou Retire Konsantman

### 1. Kijan Health Home ak pwofesyonèl swen sante yo pral itilize enfòmasyon sou sante timoun sa a?

Health Home ak pwofesyonèl swen sante yo pa ka divilge ni itilize enfòmasyon sou sante sou timoun sa a ankò.

### 2. Kisa k ap pase enfòmasyon sante timoun sa a?

Pwofesyonèl swen sante ki deja gen enfòmasyon sou sante timoun sa a ap konsève enfòmasyon yo, men yo dwe toujou pwoteje enfòmasyon yo depi yo swiv tout lwa ak règ Eta New York epi tout lwa ak règ federal.

### 3. Ki lwa ak règ ki konsène fason yo kapab divilge enfòmasyon sou sante timoun sa a?

Lwa ak règleman sa yo se Seksyon 6530(23) Lwa sou Edikasyon New York, Seksyon 33.13 Lwa sou Ijyèn Mantal, Atik 27-F Lwa sou Sante Piblik New York, Lwa federal 1996 sou Transferabilite ak Responsablite Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability Act, HIPAA), Pati 160 ak 164 ki nan 45 CFR, ak règleman federal sou konfidansyalite nan Pati 2 ki nan 42 CFR.

### 4. Kimoun ki kapab divilge enfòmasyon timoun sa a apre mwen anile konsantman an?

Apati dat ou siyen fòm sa a, pèsòn pa kapab jwenn okenn nouvo enfòmasyon sou sante sou timoun sa a, men yo pa kapab retire enfòmasyon yo divilge deja yo.

### 5. Kisa pou mwen fè si yon moun itilize enfòmasyon timoun sa a epi mwen pa t dakò pou kite moun nan itilize enfòmasyon yo?

Si w panse yon moun te itilize enfòmasyon w san w pat dakò bay moun sa a enfòmasyon w yo, ou kapab:

- Rele Liy Èk Medicaid la nan 1-800-541-2831, oswa
- Kontakte Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken an, Biwo pou Dwa Sivil nan 1-800-368-1019, oswa soumèt yon plent alekri nan: <https://www.hhs.gov/hipaa/filing-a-complaint/index.html>

Ou kapab tou:

- Rele youn nan pwofesyonèl swen ou te di ki ka wè dosye ou yo,
- Rele jesyonè swen sante w la oswa health home ou a: \_\_\_\_\_ nan \_\_\_\_\_, oswa
- Rele Plan Swen Sante Kontwole w la si ou fè pati yon Plan Swen Sante Kontwole.

### 6. Konbyen tan anilasyon konsantman mwen ap dire?

Anilasyon konsantman ou ap dire pou toutan. Men, si ou chanje lide, tanpri fè plan sante timoun nan, doktè li oswa ansyen Health Home li konnen ou enterese nan timoun sa a antre nan yon pwogram Health Home ankò. Si gen enskripsyon pivevan, ou dwe siyen nouvo fòm konsantman yo.

### 7. Kijan pou mwen jwenn yon kopi fòm sa a?

Apre ou siyen Anilasyon Fòm Konsantman sa a, n ap ba ou yon kopi ladan.